

### SS.7.C.3.6

*Evalye dwa konstitisyonèl yo ak enpak yo sou moun yo ak sosyete a.*

---

**SS.7.C.3.6 Klarifikasyon sou Nosyon Fondalman 1:** Elèv yo pwal rekonèt kouman dwa moun direksyone jan yo entegre yo nan sistèm sosyal, politik, ak ekonomik yo.

**Deklarasyon Dwa** a pwotoje dwa moun yo. Ekzanp, **Premye Amandman** an, gen ladan l dwa ak libète pèsònèl ki gen tou eksèsis relijye, rasanbleman ki fèt nan lapè, diskou, laprès, ak petisyon. Libète rasanbleman ki fèt nan lapè a se yon dwa pou reyinyon ak fòm gwoup pa bann e pa pakèt san gouvènman an pa foute bouch nan sa. Dwa pou fè petisyon an vle di ke moun yo gen dwa pou mande gouvènman an pou rezoud pwoblèm yo. Tout dwa sa yo se tou de a la fwa politik (yon fason pou moun yo gen pwoteksyon lè yo vle gen yon vwa nan gouvènman an) e sosyal (yon fason pou moun yo kapab òganize yo pou yo gen yon vwa nan gouvènman an).

**Senkyèm Amandman** an pwoteje lavi sitwayen yo, libète, ak **dwa pwopriyete** yo pou gouvènman federal la pat vyole yo. **Katriyèm Amandman** an pwoteje lavi sitwayen yo, libète, ak dwa pwopriyete yo pou gouvènman eta a pat vyole yo.

Dwa Ekonomik yo enpòtan tou. Yo gen ladan l dwa pou achte, vann, pwodwi, boukante, pou pa fè acha, ouswa itilize machandiz ak sèvis yo. Dwa Pwopriyete yo se yon pati majè nan dwa ekonomik yo. Dwa pwopriyete yo gen ladan l dwa pou l posede, pwodwi, boukante, fè acha, oubyen itilize pwopriyete. Ide pwopriyete prive a trè enpòtan pou anpil Ameriken.

Gen plizyè amandman ki fè sèten ke moun yo pa trete moun ki ta akize kòm moun ki fè krim yo menm jan ak tout moun. Katriyèm ak Senkyèm amandman yo pwoteje moun yo te akize ki fè krim yo kont abi pouvwa anba men gouvènman federal la. Katriyèm Amandman an pwoteje moun ke yo ta akize kòm moun ki ta fè krim kont abi pouvwa anba men leta gouvènman an. Kèk nan dwa yo ki nan amandman sa yo gen ladan yo pwoteksyon kont **fouy ak sezi pwopriyete** yon moun, pwoteksyon kont **pinisyon e ke n pa abitye wè**, dwa pou rete an silans e pa temwanyen kont tèt ou lè yo ta akize w pou yon krim, e dwa a yon pwosè avèk jiri, ak yon avoka, e yon **pwosè ekitab**. Pwosès ekitab la vle di ke la lwa dwe jis e li dwe swiv kòm sa dwa avan yo pran lavi yon moun, libète, oswa pwopriyete nan men yo.

**Deklarasyon Dwa** - dis premye amannman yo ki nan Konstitisyon peyi Etazini

**dwa pwopriyete** - dwa pou posede pwopriyete; ki mansyone nan Senkyèm ak Katòzyèm Amannman yo

**fouy ak sezi pwopriyete** - pwosesis ke lapolis oswa lòt otorite ki sispèk ke yon krim te komèt pou fouye pwopriyete yon moun ak kolekte evidans ki gen rapò ak krim lan; pwoteksyon kont fouy ki ilegal ak sezi pwopriyete nou jwenn nan Katriyèm Amannman an

**Katriyèm amandman** - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki bay libète nan fouy ki pa rezonab ak sezi bagay; amannman sa a tou deklare ke yo dwe bay sèlman pou kòz ki posib (prèv ki bay yon moun yon rezon ki fè nou panse ke yon krim te fèt oswa ap fèt)

**pinisyon kryèl ak sa n pa abitye wè** - pinisyon ke Ywityèm Amandman nan Konsititasyon peyi Etazini an entèdi; gen ladan l fè moun pase mizè (*tòtire*) ak anpil lòt fòm pinisyon ki twò di pouk krim yo fè a

**Premye Amandman** - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki entèdi Kongrè a pou l pa etabli yon

**pwosès ekitab** - dwa ke moun ke yo ta akize pou krim yo genyen lwa kit rete yo menm jan ak tout moun, yon fason pou yo pa ka pèdi lavi yo, libète yo san yo pa gen dwa legal yo ki ta pwoteje

**Senkyèm amandman** - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki bay pwoteksyon ak yon moun yo akize de yon krim, enkli dwa pwosesis ki garanti dwa moun.